



Notifikasyon pou Enfòmè Paran/Responsab/Elèv ki Responsab Tèt Li, Konsantman ak Pèmasyon pou Enskripsyon Elèv

PARAN/RESPONSAB/ELÈV KI RESPONSAB TÈ LI			
Li sa a avèk anpil atansyon epi reponn tout kesyon yo epi siyen fòm sa a. Yo dwe ranpli fòm sa a pou chak elèv chak ane lekòl oswa si yon elèv chanje lekòl.			
Prenon Elèv la	Inisyal 2yèm Non	Siyati	Sifiks
Dat Nesans	# ID Elèv la (si w konnen li)	Lekòl Aktyèl Elèv la	

Avi pou Règleman sou Izaj Teknoloji ki Akseptab pou Elèv yo: Pitit ou kapab genyen aksè nan lekòl la ak kèk resous teknoloji Distri a pou anpil aktivite ki gen rapò avèk lekòl, sa ki enkli Entènèt ak Entranèt Distri a. Yo kontwole aksè pitit ou a nan lekòl nan entènèt pou respekte Lwa Pwoteksyon Timoun sou Entènèt ak Règleman Komite Dirijan Lekòl 8.125 la. Yo pral egzije pou pitit ou a suiv izaj estanda akseptab ak kondisyon ki masyone nan Règleman 8.123. Manyèl referans la, ak Avi sou Kondisyon pou elèv k ap itilize teknoloji Distri a, epi pou li respekte tèm yo. Genyen yon atant limite sou vi prive jan lalwa mande l pou yon elèv itilize resous teknoloji sa yo. Avan pitit ou a kapab itilize resous Distri sa yo, li pral li, y ap li pou li, ak/oswa eksplike l dokiman sa yo, epi li pral rekonèt elektwonikman li konprann, e li dakò pou l respekte yo.

Yo envite w li Règleman sa a, Manyèl ak Avi. Si w bezwen èd pou li dokiman yo, ou kapab mande lekòl la èd. Règleman an disponib nan: <https://www.boarddocs.com/fl/palmbeach/Board.nsf/Public>, klike sou Règleman yo, anba chapit 8 -- Règleman 8.123.

Avi sou piblikasyon dosye medikal: Dosye medikal pitit ou a oswa enfòmasyon medikal yo te bay lekòl la fè pati dosye elèv la anba egzijans FERPA, 20 U.S.C.A. 1232g. Selon lwa sa yo, yo kapab divilge enfòmasyon sa yo san konsantman alekri paran/responsab jan FERPA pèmèt li, enkli si se yon pwofesè oswa yon lòt responsab lekòl ki genyen yon enterè edikatif lejitim, oswa si piblikasyon an se pou yon lòt antite apwopriye, epi sa nesèsè pou pwoteje sante oswa sekirite elèv la oswa sekirite lòt moun.

Konsantman paran pou yo pibliye foto ak enfòmasyon elèv: Nan fòm sa a, mwen bay lekòl la oswa distri a pèmasyon pou yo itilize foto pitit mwen an, imaj videyo, atik li ekri, anrejistreman vwa, non, klas, non lekòl, patisipasyon nan aktivite ofisyèl ak espò, pwa ak wotè manm ekip atletik, dat nesans, diplòm ak prim li resevwa, dat ak lye nesans, ak dènye lekòl li te frekante, nan albòm souvni anyèl lekòl la, pwogram gradyasyon, afich teyat, pwodiksyon lekòl, sit entènèt, medya sosyal, elatriye, ak/oswa menm kalite piblikasyon lekòl la oswa distri a patwone oswa entèvyou nan medya, piblikasyon, atik, ak foto distri a apwouve. Mwen bay pèmasyon m tou pou lekòl la oswa distri a pibliye non pitit mwen an, klas, non lekòl ak masyon pitit mwen an resevwa pou anonse piblikman reyalizasyon pitit mwen an. **Mwen konprann si mwen pa tcheke bwat pèmasyon an**, yo p ap kapab enkli non ak foto pitit mwen an nan okenn piblikasyon oswa prezantasyon, sa ki enkli liv souvni lekòl la.

Mwen bay pèmasyon

Mwen pa bay pèmasyon

ELÈV ESE SÈLMAN: Ann akò avèk FERPA, nan 34 CFR §99.30 ak egzijans IDEA, Mwen otorize Distri Lekòl Rejyon Palm Beach, Florid, pou li divilge ak pataje enfòmasyon konfidansyèl pitit mwen ak ajans Eta Florid ki ta pèmèt Lekòl Piblik Rejyon Palm Beach yo resevwa ranbousman nan men Medicaid pou sèvis ki konsène sante elèv edikasyon espesyal yo bay pitit w mwen pandan li lekòl. Mwen konprann konsantman mwen volontè e mwen kapab anile l nenpòt lè. Pitit mwen ap kontinye resevwa sèvis selon IEP li avèk oswa san konsantman mwen. Anplis, mwen konprann mwen pa oblije enskri nan okenn pwogram benefis piblik oswa pwogram asirans epi mwen p ap genyen pou m peye pou okenn depans ak lajan nan pòch mwen pou sèvis yo te founi kòm yon pati nan FAPE, e sa p ap afekte benefis Medicaid mwen kòm yon konsekans ranbousman yo bay distri a pou sèvis li te bay.

Mwen otorize piblikasyon

Mwen pa otorize piblikasyon

POU ELÈV LEKÒL SEGONDÈ SÈLMAN - Pa otorize piblikasyon enfòmasyon bay lame: Lwa NCLB ane 2001 mande pou distri lekòl yo bay rekritè lame aksè a non, adrès ak nimewo telefòn elèv lekòl segondè. Paran gen dwa pou yo Pa Otorize yo voye enfòmasyon sa yo. Si ou pa vle yo pibliye enfòmasyon pitit ou bay lame san konsantman paran alekri alavans, tcheke anba la a. Malgre n ap aksepte refi a nenpòt lè nan ane a, lè w voye l nan 10 premye jou ane lekòl la, sa pral asire yo pa voye okenn enfòmasyon ale pandan ane sa a.

Mwen pa otorize piblikasyon enfòmasyon pitit mwen bay lame.

Sou pèn kondanasyon pou fo temwayaj, Mwen deklare mwen te li fòm sa a, epi enfòmasyon ki endike yo vrè epi kòrèk. Sek. 92.525 (3) Lwa Florid fè konnen nenpòt moun ki entansyonèlman fè yon fo deklarasyon koupab pou krim nan twazyèm degre.

Non Paran/Responsab/Elèv ki Responsab tèt li anlèt detache

Siyati Paran/Responsab/Elèv ki Responsab tèt li

Dat